



©UNICEF/2017/Moreno

## Lis Kontwòl Sipleman tè Plan Kontinwite Aktivite yo ki Adapte ak Fanmi

Mete an aplikasyon mezi pou anpeche, prepare ak rekipere apre yon katastwòf pou pi byen pwoteje anplwaye ou yo, pitit yo ak fanmi yo pandan ijans yo ki pa nesesite yon abandon total nan plan kontinwite aktivite yo ki egziste deja. Lè w adrese bezwen yo epi mete yo nan pwosesis planifikasyon, ou pa sèlman asire sekirite yo, men ou devlope rezistans lakay yo pou reponn epi pran mezi pou asire ke fanmi yo ak kominote yo an sekirite. Anplwaye yo ak fanmi yo se kolòn vètebral kominote yo. Lè nou devlope rezistans yo, nou pwoteje tout moun, sa ki pèmèt fanmi yo ak mache yo rebondi rapidman.

Anba a w ap jwenn yon lis verifikasyon yo rekòmande ak konsiderasyon pou evalye kijan plan kontinwite biznis ou oswa estrateji anplwaye w entegre aktivite ki pwoteje byennèt anplwaye w yo ak fanmi yo.

Foto: Anastasia Chairat, 7, te kanpe nan papòt lakay li, ki te domaje anpil nan siklòn Irma, nan Providenciales, Turks and Caicos Islands. UNICEF ap travay pou asire timoun tankou Anastasia yo an sekirite epi dwa yo pwoteje si katastwòf frappe ankò.

# Anvan yon Ijans evalye risk lakay ak nan espas travay la

|                                                                                                                                                                                                                                                                                                                         | Wi | Non |
|-------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------|----|-----|
| <b>Konnen anviwònman ou</b>                                                                                                                                                                                                                                                                                             |    |     |
| 1. Èske manm pèsonèl ou yo konnen risk ak kalite danje epi yo kapab evalye yo toude lakay ou ak nan espas travay la?                                                                                                                                                                                                    |    |     |
| 2. Èske manm pèsonèl ou yo konnen kisa pou yo fè si gen yon ijans nan travay ak/oswa lakay ou pou kenbe tout manm fanmi an sekirize ak byen sipòte?                                                                                                                                                                     |    |     |
| 3. Èske w gen yon lis kontak anplwaye yo ak manm fanmi yo ki mete ajou regilyèman epi ki gen ladann lòt fason pou kontakte yo si sa nesesè?                                                                                                                                                                             |    |     |
| <b>Preparasyon pou yon ijans</b>                                                                                                                                                                                                                                                                                        |    |     |
| 1. Èske egzèsis ijans yo fèt omwen yon fwa chak ane ak anplwaye yo epi manm fanmi yo revize plan kominikasyon - ki gen ladan plan repons, pwosedi ak lòt etap pou asire sekirite yo?                                                                                                                                    |    |     |
| 2. Èske wout evakyasyon yo san danje pou anplwaye ak fanmi yo nan espas travay la ak lakay yo?                                                                                                                                                                                                                          |    |     |
| 3. Èske anplwaye yo ak fanmi yo konnen ki kote pou yo chèche yonabri ki an sekirite?                                                                                                                                                                                                                                    |    |     |
| 4. Èske konpayi ak anplwaye ou gen asirans an plas pou yon ijans epi anplwaye yo konnen ki kote pou chèche sante medikal nan ka yon ijans?                                                                                                                                                                              |    |     |
| <b>Kominikasyon</b>                                                                                                                                                                                                                                                                                                     |    |     |
| 1. Èske gen yon pwotokòl kominikasyon ijans ki ka aktive atravè diferan chanèl kominikasyon (sa vle di WhatsApp, imèl) pou asire mesaj yo rive jwenn anplwaye yo ak manm fanmi ki gen tout laj?                                                                                                                         |    |     |
| 2. Èske gen yon sistèm avètisman bonè an plas pou anplwaye ak fanmi yo?                                                                                                                                                                                                                                                 |    |     |
| 3. Èske pwotokòl kominikasyon ijans la gen ladan etap pou asire tout anplwaye ak fanmi yo an sekirite epi yo byen sipòte epi yo ka jwenn èd si sa nesesè?                                                                                                                                                               |    |     |
| <b>Resouzimèn</b>                                                                                                                                                                                                                                                                                                       |    |     |
| 1. Èske règleman resous imen yo konsidere alokasyon pou konje espesyal ak lòt mezi pou anplwaye yo te touche tan travay ak fleksibilite anvan, pandan ak aprè ijans pou asire fanmi yo an sekirite epi yo byen sipòte? Konsantre espesyalman sou fanm ansent ak fanm ki bay tete, timoun andikape ak fanmi monoparantal |    |     |
| 2. Èske règleman konpayi yo pèmèt aranjman travay fleksib jiskaske fanmi yo ka jwenn swen altènatif pou timoun yo?                                                                                                                                                                                                      |    |     |
| 3. Èske pwosedi ijans yo enkli priyorite fanmi ki pi afekte yo?                                                                                                                                                                                                                                                         |    |     |
| 4. Èske pwosedi ijans yo enkli aranjman alavans pou sipòte anplwaye ak fanmi yo nan ka yon ijans?                                                                                                                                                                                                                       |    |     |
| <b>Evalyasyon/Bilan</b>                                                                                                                                                                                                                                                                                                 |    |     |
| 1. Èske w gen yon egzèsis evalyasyon entèn nan pwosedi w yo pou evalye ki jan konpayi ou reponn ak kijan ou ta ka reponn pi efikas nan pwochen ijans?                                                                                                                                                                   |    |     |
| 2. Èske w kapab idantifye, anpeche ak minimize enpak negatif operasyon, pwodwi ak sèvis biznis yo sou kominote a, anviwònman ak resous natirèl yo pandan w ap pwoteje sante ak sekirite piblik la, ak timoun yo pou kontribiye nan rezistans?                                                                           |    |     |

# Konsiderasyon yo

## Resouzimèn

- Yo ta ka mete yon Fon Kontanjan pou sipòte anplwaye yo ak fanmi ki afekte nan yon ijans.
- Yo ka ofri konje espesyal pou paran ak/oswa moun k ap bay swen pou asire manm fanmi yo an sekirite anvan, pandan ak apre yon ijans.
- Asire mekanis yo anplas pou kontinye peye salè bay fanmi ki gen ladan timoun yo pou evite ogmante frajilite yo.

## Evalyasyon yo

- Si konpayi ou a patisipe nan evalyasyon ijans, konsidere konsilte ti gason, tifi ak adolesan ak enpak risk sou anplwaye (fwaye ki gen yon sèl paran, kay ki gen timoun, jèn).
- Si konpayi ou a fè pwomosyon pou Rediksyon Risk Katastwòf (DRR) oswa pran aksyon remakab pou fanmi an pou pwoteje anplwaye yo ak manm kominote a, konsidere pataje eksperyans la ak piblik la ak lòt biznis pou yo ka aprann nan eksperyans ou. Epitou, pataje eksperyans sou fason ou ka kolabore ak kliyan ou yo, manm kominote yo, gouvènman lokal yo ak òganizasyon imanite yo pou sipòte efò sekou yo.
- Pataje leson transparan pral ede aprantisaj mityèl epi devlope konfyans, epi simonte move pèsepsyon yo.

## Kominikasyon

- Ankouraje mesaj prevansyon risk ak preparasyon pou katastwòf bay manm pèsònèl la ak kliyan yo (pa egzanp sou reparasyon kay ak rekonstriksyon). Sa De preferans kowòdone ak otorite nasyonal yo.

## Resous yo

- Abitye jesyon siperyè ak manm estaf yo sou gid dokiman ki santre sou timoun [Dwa Timoun ak Prensip Biznis](#), [Règleman pou fanmi yo](#) epi [preparasyon pou ijans, repons ak rekiperasyon](#), [Timoun nan kriz imanite: kisa biznis ka fè](#), [Gid parantal](#) [Katastwòf ak danje natirèl: kijan pou prepare, reponn ak retabli](#).